Qaraqalpaqstan Respublikası'
Taxtakópir rayonı'
HA`KIMININ`
SHESHIMI

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Taxtakópir tumani
HOKIMINING
QARORI

Taxtako'pir rayoni | Taxtako'pir tumani

№ 790 "02"- октябрь 2018-й.ж.

2019-жылда социаллық қорғауға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясы (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2006-й., 25-26-сон, 225-модда; 2009-й., 52-сон, 553-модда; 2013-й., 41-сон, 543-модда; 2014-й., 4-сон, 45-модда), "Өзбекстан Республикасында майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында"ғы Нызамның 25-статьясы, (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2008-й., 29-30-сон, 277-модда; 2010-й., 35-36-сон, 300-модда; 2013-й., 18-сон, 233-модда; 41-сон 543-модда) Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетинин 2017-жыл 5-декабрьдеги "Социаллық қорғауға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм резервке қойыў тәртибин еледе жетилистириў ис-илажлары ҳаққындағы"ғы 965-санлы қарарына тийкар социаллық қорғауға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын районда 2019-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. 2019-жылда социаллық қорғауға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын райондағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 70 адамды қурайтуғын 2,5 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 4,2 пайыз -3 адам;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм майып балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын 31 пайыз - 22 адам;

в) улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мекемелерин тамамлаған жаслар, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларының мәмлекетлик грантлары бойынша питкериўшилери 47,1 пайыз - 33 адам;

г) мобилизациялық шақырыў резервинде хызметти өтеген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қураллы Күшлери қатарында мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар 5,7 пайыз - 4 адам;

д) пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 2,8 пайыз - 2 адам;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына көре медициналық характердеги мәжбүрий шаралар көрилген шахслар ушын 4,2 пайыз - 3 адам;

ж) адам саўдасынан жәбирленген шахслар ушын 4,2 пайыз - 3 адам муғдарында жумыс орынлары белгиленсин.

2. Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия курамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Мекеме, кәрханалар басшылары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары менен тастыйықланған социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм резервке қойыў тәртиби ҳаққындағы Режеге муўапық усы шешимниң 1-қосымшасында көрсетилген жумыс орынларының шөлкемлестирилиўин тәмийинлесин.

4. Мүтәжлер ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў бойынша район ҳәкиминиң усы шешими орынланбағанда, сондай-ақ, оларды жумысқа қабыл қылыўдан тийкарсиз рәўиште бас тартылғанлығы ушын мекемелердиң лаўазымлы шахсларына нызам ҳүжжетларинде белгиленген тәртипте ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленеди.

5. Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы (А.Баймбетов) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм шөлкем басшыларына жеткерсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

6. Тахтакөпир районы ҳәкиминиң 2017-жыл 14-ноябрь күнги "Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 733-санлы шешими ("Тахтакөпир таңы" газетасы 2017-жыл, 29-ноябрь, 33-сан) 2018-жыл 31-декабрьден өз күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң биринши орынбасары Р.Данеғуловқа жүклетилсин.

8. Бул шешим районлық «Тахтакөпир таңы» газетасында рәсмий түрде жәриялансын һәм һәкимликтиң веб-сайтында жайластырылсын.

9. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Тахтакөпир районы һәкими: **Ж.Адилов**

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2018-жыл 02- октябрь күнги
790 -санлы шешимине
1-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойылатуғын кәрханалар дизими

Т/р	Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған ҳәм миймет базарында тең шәраятларда бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларын белгилеў усыныс етилип атырған кәрханалар	Кәрхана СТИРи	Штат кестеси бойынша хызметкерлердиң улыўма саны	Өткен жылда есапқа алынған захираға қойылған жумыс орынлары саны	Келеси жылға захираға қойыў усыныс етилип атырған жумыс орынлары саны	Соннан:	
						Нәгиранлығы болған шахсларға	Басқа тайпадағы-ларға
1	Карантин ҳәм аса қәўипли жуқпалы кеселликлер профилактика орайы	200954564	70	2	2	0	2
2	Мәмлекетлик санитария-эпидемиологиялық бақлаў орайы	200390603	82	1	1	0	1
3	Мәденият ҳәм спорт ислери бөлими	200390563	39	2	1	0	1
4	Аўыл хожалық кәсип-өнер колледжи	200390642	124	2	2	0	2
5	Қурылыс ҳәм транспорт кәсип-өнер колледжи	202177254	44	1	1	0	1
6	Халық банк Тахтакөпир филиалы	200954793	40	2	1	0	1
7	Агро банк Тахтакөпир филиалы	200954682	29	1	1	0	1
8	Районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы	200954549	58	1	1	0	1
9	Тахтакөпир мәмлекетлик тоғай хожалығы	200390025	51	2	4	1	3
10	Абаданластырыў басқармасы	205097915	80	1	1	0	1
11	Районлық медицина бирлеспеси	200390548	684	10	8	0	8
12	Музыка ҳәм көркем-өнер мектеби	203200621	59	2	2	0	2
13	Райойлық Халық билимлендириў бөлими	200390587	50	2	2	0	2
14	1-санлы улыўма билим бериў мектеби	203873061	64	3	2	0	2
15	2-санлы улыўма билим бериў мектеби	203249314	121	1	1	0	1

16	3-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449223	99	3	2	0	2
17	4-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449247	52	2	2	0	2
18	5-санлы улыўма билим бериў мектеби	203249307	76	2	2	0	2
19	6-санлы улыўма билим бериў мектеби	203249929	45	3	2	0	2
20	7-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449262	84	3	2	0	2
21	8-санлы улыўма билим бериў мектеби	203873078	75	2	2	0	2
22	9-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449286	40	2	2	0	2
23	10-санлы улыўма билим бериў мектеби	203245454	69	1	1	1	0
24	11-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449204	41	2	2	0	2
25	13-санлы улыўма билим бериў мектеби	208873085	76	1	1	0	1
26	14-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449326	33	1	1	0	1
27	16-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449341	42	2	2	0	2
28	12-санлы улыўма билим бериў мектеби	300499562	39	1	1	0	1
29	17-санлы улыўма билим бериў мектеби	203878093	52	2	2	0	2
30	18-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449358	38	1	1	0	1
31	19-санлы улыўма билим бериў мектеби	200954650	37	2	2	0	2
32	22-санлы улыўма билим бериў мектеби	300449397	32	1	1	0	1
33	2-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301254119	33	1	1	0	1
34	3-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301254153	39	2	2	0	2
35	1-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301339521	40	1	1	1	0
36	4-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	30130676	43	2	2	0	2
37	6-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301440117	32	1	1	0	1
38	9-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301440156	22	2	2	0	2
39	13-санлы мектепке шекемги билимлендириў мәкемеси	301440250	25	2	2	0	2
40	«Бәркамал әўлад» балалар орайы	207119250	30	1	1	0	1
	Жәми:		2770	76	70	3	67

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2018-жыл 02 - Октябрь күнги
790 -санлы шешимине
2-қосымша

Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын 2019-жыл ушын бәнт етип қойыў бойынша арнаўлы комиссия курамы

1.	Р. Данеғулов	-	Район ҳәкиминиң биринши орынбасары, комиссия баслығы
2.	О. Генжемуратов	-	Район ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығының орынбасары
3.	А. Баймбетов	-	Районлық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
4.	Т. Нагимов	-	Өзбекистан Жаслар аўқамының районлық Кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
5.	Е. Бегманов	-	«Мәҳәлле» қайырқомлық жәмийетлик фонды районлық бөлими баслығы, комиссия ағзасы

Еслетпе: Комиссия ағзалары лаўазымы өзгерген жағдайда оның орнына сол лаўазымға тайынланған ямаса ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахслар киритиледи